

PWOGGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg
sou byen viv ak jèm SIDA
Seyans sou
Sewopozitivite**

2



USAID | HAITI
ED PEP AMERIKEN

PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg
sou byen viv ak jèm SIDA
Seyans sou
Sewopozitivite**



USAID | HAITI
ED PEP AMERIKEN

DYALOG SOU SEWOPOZITIVITE



Objektif :

Nan finisman seans sa a, tout patisipan ap kapab :

- *Eksplike sa sa vle di yon rezulta pozitif*
- *Eksplike konpòtman yon moun dwe genyen apre li fin n resevwa yon rezulta pozitif*
- *Eksplike poukisa li enpòtan pou l avèti patnè seksyèl li, mete l okouran rezulta tès la*



Dire dyalog la: 2zèdtan

Dewoulman seyans lan

1. Fè entwodiksyon (15 minit)

Lè seyans lan fèk kòmanse:

- *Di patisipan yo bonjou, mande yo kouman yo ye, kouman fanmiy yo ye*
- *Di yo jan ou kontan la avèk yo yon lòt fwa ankò*
- *Mande yo chita an wonn dekwa pou youn kapab wè lòt*
- *Mande yon patisipan ki vle kòmanse fè rezime pwen enpòtan ki te diskite nan seyans anvan-an.*
- *Mande de lòt volontè fin fè rezime a*
- *Korije oswa konplete sa patisipan yo di yo si sa nesesè*
- *Di yo ki sijè ki pwal diskite jodi ya epi prezante ob-jektif yo*

2. Pataje eksperyans (60minit)

Apre animatè a fin prezante objektif seyans la, lap poze patisipan yo kesyon sou pwen sa yo.

Konpran n kisa yon rezulta pozitif vle di

- *Lè nou te resevwa rezulta tès la ki te di nou pozitif la, kijan nou te pran sa, kijan nou te santi nou?*
- *Eske eskplikasyon yo te ban nou apre rezulta sa a te fè nou santi nou pi byen?*
- *Eske gen yon diferans ant jan nou te konpran n li jou nou te resevwa rezulta sa a ak jodi ya?*
- *Kisa ki chanje?*

*Ankouraje tout moun pale men pa fôse pèsonn
Mande lòt animatè a ap pran nòt
Koute repons yo apre sa, fè yon ti ranmase*

Konpòtman yon moun dwe genyen apre li fin resevwa yon rezulta pozitif

- *A pati de jou sa a ki gwo chanjman nou te oblige fè nan lavi nou anjeneral ? Nan vi seksyèl nou?*
- *Kiyès nan chanjman sa yo ki te pi difisil pou nou?*
- *Kiyès nan yo ki te pi enpòtan pou nou kapab kontinye rete en sante?*
- *Kisa nou dwe kontinye fè pou nou rete an sante?*

*Ankouraje tout moun pale men pa fôse pèsonn
Mande lòt animatè a ap pran nòt
Koute repons yo apre sa, fè yon ti ranmase*

Poukisa li enpòtan pou nou avèti patnè seksyèl nou

- *Eksplike ki fason yon moun ka pi fasil trape jèm Sida a?*
- *Eksplike kijan yon moun kapab fè pou l evite trape oswa retrape jèm sa a?*
- *Kòm nan zafè fè lanmou se 2 moun ki genyen, kòman nou wè nou ka pwoteje patnè nou an?*
- *Ki avantaj ki genyen lè toulede patnè yo konnen esta-ti sewologik yo?*

Ankouraje tout moun pale men pa fose pèsonn

Mande lòt animtatè a pran nòt

Koute repons yo apre sa, fè yon ti ranmase epi pote tout presizyon ki nesesè. Apresa di patisipan yo mèsi pou patispasyon yo.

3. Rafrechi memwa (15 minit)

- *Mande chak patisipan di yon bagay li sonje nan tout sa ki te diskite nan seyans jodia*
- *Tout moun dwe pale*
- *Apre yo fin pale korije sa yo di ki pa fin korèk yo epi ajoute sa ki manke dekwa pou tout pwen enpòtan ki te diskite yo parèt*

4. Tablo chanjman (15 minit)

- *Fè patisipan yo sonje bi dyalòg yo, se pou ede moun adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo ak fanmi yo, zanmi yo.*
- *Bay chak patisipan yon tablo chanjman*
- *Eksplike yo sa tablo a ye epi kijan pou yo byen ranpli l*
- *Fè yonn oswa de patisipan repran eksplikasyon yo*

- *Di patisipan yo ranpli tablo a selon jan yo santi yo apre seyans la*
- *Ba yo tan pou yo ranpli tablo a si yo vle fè sa tousuit.*
- *Di yo yo kapab ranpli tablo a lakay yo tou si yo vle epi tounen ak li nan lòt seyans la*

5. Evalyasyon (10minit)

- *Eksplike patisipan yo nou pwal evalye seyans ki fêt jodiya pou nou wè sa ki te byen fêt ak sa ki merite amelyore. Tout moun dwe bay dizon yo. Lide yo ap ede nou fê lòt seyans yo pi byen. Evalyasyon an ap fêt nan bouch patisipan yo pa gen pou yo ekri anyen. Men animatè a dwe pran nòt nan kaye li.*
- *Mande patisipan yo èske yo te satisfè de seyans la*
- *Mande yo kisa ki te bon, kisa yo te renmen*
- *Mande yo tou kisa yo pa te renmen, kisa ki ta merite chanje*
- *Pou fini mande patisipan yo bay seyans la yon nòt 1 = pa satisfè di tou ; 2 = plizou mwen satisfè; 3 Satisfè yon ti kras; 4 = satisfè ; 5 = Bon anpil, mwen kontan*

6. Kloti ak randevou (5 minit)

- *Di patisipan yo mèsi pou patisipasyon yo epi envite yo bat bravo pou tèt yo.*
- *Mande yo di ki pwochen randevou nou genyen, ki jou, ki lè, ki kote.*
- *Ankouraje yo pou tout moun vini nan lè pou nou ka genyen kont tan pou lòt seyans la.*



NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS SOU SEWOPOZITIVITE

Konprann kisa yon rezulta pozitif vle di

Lè yon moun resevwa yon rezulta pozitif apre li fin fè yon tès poul konen si lap viv ak jèm ki bay maladi Sida, sa vle di, yon jou, li te antre an kontak ak jèm sa a (re-layon seksyèl, pran san, sèvi ak kèk zouti ki te sèvi dejà , tankou razwa, jilèt, tay zong, sereng, ki pa netwaye oswa ki pa byen netwaye)

Kidonk, yon rezulta pozitif di, ke yo jwenn prezans jèm nan nan sanl. Gen moun ki resevwa rezulta sa a ki pa di anyen tankou gen lòt ki kriye anpil oswa ki pa vle kwè

Konpòtman yon moun dwe genyen apre li fin n recevwa yon rezulta pozitif

Apre yon rezulta pozitif, yo ankouraje moun sa a pou li:

- *Pataje enfomasyon sou rezulta tès la ak patnè seksyèl li*
- *Ankouraje patnè a kap viv ak li a pou li al fè tès tou*
- *Sèvi ak yon kapòt chak fwa li pral nan fè lanmou*
- *Ale nan yon sant kote yo fè planin si se yon fanm ki nan laj pou l fè timoun*

Li dwe tou:

- *Dòmi pou pi piti 8èd tan chak jou*
- *Respekte kèk règ liyyèn tankou*
 - kenbe li pwòp
 - brose dan li 2 fwa pa jou
 - veye pou rad lap mete toujou pwòp

- *Pa fimen sigarèt*
- *Pa fimen dwòg*
- *Pa bwè alkòl*

Poukisa li enpòtan pou nou avèti patnè seksyèl nou?

Pi plis moun kap viv ak jèm ki bay maladi Sida a trape l nan fè lanmou. Apre yon moun fin n konen li gen jèm nan nan san l, si li kontinye gen kontak seksyèl san kapòt ak patnè li, li kapab oswa ba li jèm nan tou si li pat ko genyen l, oswa, youn rebay lòt li si tou le de genyen l. Se pou tèt sa, li enpòtan pou nou avèti patnè nou si nap viv ak jèm sa a si nou ta genyen l nan san nou, konsa, nap pi alèz pou nou pwoteje youn lòt